



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 25 jen 2013

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU METE DRAPO YO A DEMI-MA

Gouvènè Andrew M. Cuomo mande pou drapo yo flote nan demi-ma sou tout bilding gouvènman eta a jou ki jedi 27 jen 2013 la pou onore yon sòlda Fort Drum ki mouri nan Sar Rowzah, Afganistan nan dat 23 jen.

Spesyalis Javier Sanchez Jr., ki soti nan Greenfield, Calif., mouri anba blesi li te resevwa lè yo te atake inite li a ak yon anjen esplozif enpwovize pandan li t ap fè patwouy. Li te afekte nan Batayon Twoup Espesyal 2yèm Ekip Konba Brigad 10yèm Divizyon Montay la.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Onon tout Nouyòkè yo, mwen prezante kondoleyans sensè mwen pou fanmi, zanmi, ak sòlda kamarad Espesyalis Sanchez Jr yo. Nou pral sonje epi onore solda Fort Drum sa epi nou gen rekonesans pou sèvis li rann peyi nou an.”

Gouvènè Cuomo mande pou drapo sou tout bilding leta yo bese a demi-ma nan lonè ak pou rann omaj pou manm lame nou yo ak sila yo ki nan pos Nouyok yo te touye ouben ki mouri nan yon zon batay.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418